Nomer 8 — Salasa 21 Augustus 1928 (5 Moeloed 1347) — Taoen ka 5

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon: Bestuur Pasoendan Bogor.
di Tjiandjoer Bestuur Pasoendan Tjiandjoer.
Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

# SIPATAHOENAN

*Serat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.*

Ditjitak di Drukkerij Soekapoera Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis.
Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan Soerabaja.

Redaktoer: SOETISNA SENDJAJA PATAH
Redaktoer di Batawi SOERIADIRADJA.

KARANGAN adresna ka REDACTIE Heerenstraat 31.
POSTWISSEL sareng serat noe sanes deui ka ADMINISTRATIE Tjimoeloeweg No. 12 Tasikmalaja.
LANGGANAN. 3 sasih . . . . f 1,50 Dibajar tipajoen. Salambar 15 sen.

Pangaos ADVERTENTIE:
Sakali moeat sadjadjar sakolom 30 sen paling saeutik 10 djadjar sakolom.
Dibajar ti pajoen.
Langganan langkoeng mirah.

## Coegoeritan Djendral Swart

Dina Haagsche Crt, tjek De Courant mah, geus aja deui djawaban ieu Djendral ka patarosan sala saoerang djoeroe kabar. Andjeunna sasaoeran, jen kaajaan di Indie teh katjida oedana tina perkara mentaliteit (kamanoesaan) oerang priboemi, anoe gede pisan hartina pikeun kalanggenganana paparentahan oerang di Indie. Noe pangpangna. Javanen, tapi sanadjan oerang poelo poelo sedjen oge, anoe raket pisan ka oerang Europa (Europeanen), nja kitoe bae teu pati ngahormat djeung ngahargaan. Dina hidji mangsa andjeunna moendoet sagelas tjai dina hidji waroeng, mani ngaladenanana teh semoena seuseut seuat, henteu tjara bareto bareto, dagdag degdeg. Komo ari di tempat tempat kaoeh tengah mah.

Kaajaan kieu teh lain koe salahna koeminis koeminis teuing atawa nationalisten, tapi deui salahna bangsa Walanda pribadi, tina prak prakanana ka priboemi. Da adat istiadatna mah bangsa handap asor priboemi mah.

Tjeuk koering teh meureun sanadjan tatjan saperti noe dimaksoed, madjoena tanah djeung bangsa oerang, madjoena sakitoe teh koe panoeng toen arandjeunanana, ajeuna geus mimiti haroedang meueusan tina oesoem slavernij (oeulian). Lain koe lantaran koerang adjar atawa teu njabo di tata, tapi ajeuna geus eungkeut eungkeut aringeteun deui, koedoe koemaha make tata teh. Oelah bet koedoe oenggal hoeloe digoesti goesti dipoepoedjoehkeun. Tjenah eta vriendelykheid teu aja, pedah menta tjai hese diladenanana, atoeh eta mah koe sabab njaho bae, djaman ajeuna djaman soesah, djaman hese doeit. Geura lamoen pokna lain „menta" tapi „meuli" pirakoe teu goera giroe digoegoe.

Ari njalahkeun kana invloedna koeminis atawa nationalist mah pang oerang kitoe teh koering mah teu rempoeg, sabab noe bolongkotan mah sidik optreden arandjeunanana tea, noe matak loba reactie ti kaom priboemi.

Geura, oerang ngalap toeladan ti koeli kontrak bae. Lamoen digawe salah mah komo tara meunang ampoenna, tjatjakan gawe bener ari noeroetkeun kabar noe saari ari mah. noe sok kaaraos tea, ari hajang njiksa mah, sok njieun njieun. Tjeuk noe njaraho mah meureun pipokeunana, moenasabah rek maroelang tarimana koe parang atawa koe patjoel boh kana tonggong, boh kana beuteung oge da kitoe.

Deui, lamoen ningali optredenna bangsa p o e t i h, model D i n s b a c h ka noe djadi sakitan, kapan sakitoe V r i e n d e l ij k n a, make dibaudjoer koe bensin. ditjangtjang bari diteunggeulan, tigoebroes kana soemoer sagala.

Ana geus aja tjonto noe kitoe, maroekaukeunana „enja" koedoe kitoe, toeloej ditaroeroetan koe Inl. politie agenten, koe djroetoelis, koe mantri malah koe tjamat pisan. (Tingali dina roepa roepa kabar, kadjadian di Djawa tengah Oe. N.).

Pirakoe kadjadian kitoe, djelema teh koedoe peureum bae, atawa koedoe ngantep bae. Tjeuk timbangan anoe sehat, geus meudjeuhna oelah diantep, wadjib koedoe di-ka-tengahkeunana. H o e m e e r, h o e b e t e r pikeun kaperloean oemoem. Torodjogan atawa soerat totogan ka Pokrol Djendral, anoe bade, lamoen sieun disidem di handap.

Patingali, panjangka eta Djendral Swart estoe loba benerna.

Djadi ana kitoe, bangsa oerang ajeuna teu beunang dihoekoeman „b r u t a a l" (koerang adjar), da henteu zonder sebab. Kitoe deui, memang eerbied (hormat) pikeun oerang Walanda anoe hade hatena, bener toedjoeanana, katjida teu ngoeranganana, angger bae sabaheula, anging wawanen priboemi dina bebeuerau, bener tambah.

Kadoea perkara ieu djoerg. Djendral njarioskeun bab opat Studenten tea, oerang Walanda (Europeanen) di Indie manghandjakalkeun koe eta poetoesan, tapi ari oerang priboemi mah koe eta pones teu djadi kaget. sabab moal leuwih ti kitoe pipoetoesaneunana. Maranehanana ngarep-ngarep soepaja eta Studenten teren dibalikkeun ka bali geusan ngadjadina.

Ari hadena mah, madjarkeun teh, lamoen enja mah poetoesanana hajang gunstig keur Europeanen di Holland djeung di Indie teh koedoe bareng digaradahna. Koe sabab ieu teu didjalankeun, bisa loba katrangan anoe teu beunang koe poelisi.

Tjeuk koering, tina bab ieu oge, geus djol deui bae tembong optreden (behandeling) noe koerang sehat teh. Dina lebah djelema noe koerang (henteu) sidik boga dosana, koedoe dihoekoem. Atoeh poegoeh bae, rarasaan Europeanen (betreuren kana vrijspraak) tea, matak ngadjadikeun deui sabab kana hatena priboemi.

Ari hajang priboemi noe matak teu kaget kana eta poetoesan, sabab saperkara teu mertjaja kana boga dosana, kadoea masih keneh mertjaja ka Walanda, jen moal kabeh hatena tjara toean Raadsman (Westenenk), tapi loba keneh anoe sehat (menschelijk) pipikiranana.

Katiloe perkarana, djrg. Djendral, njarios hal merdikana Indonesia, jen henteu loba noe mikahajang kitoe teh, malah kalobaanana mah hartina merdika oge, teu njaho njaho atjan. Anggoer mah sacangsa bangsana, pada hajang ngawasa soraugan.

Dina lebah djol djol hajang merdika, tjeuk koering, boleh djadi tatjan loba, lantaran teu atjan kaoentoepeun, tapi ari mikahajang kana Democratische regeering, oeteuk tongo walang taga, tangtoe ngarep ngarepna. Tjenah madjar henteu kabeh njaho, kana hal eta, atoeh geus tangtoe, da di mana mana oge moal njaho kabeh, tapi onder de ontwikkelden moal aja noe teu ngarep ngarep, anging anoe mintjoelak hatena djeung toedjoeanana.

Dina lebah diseboet aing aingan keneh, tjiri djrg. Djendral teu pati oeninga, jen ajeuna di oerang keur madjoe lalakon eenheid, boektina aja P. P P. K. I. Eta tjenah aja lagoe L a o h reudjeung L a n g i, hih atoeh adatna, endog mah tara moeloes kabeh, koedoe bae aja katjingtjalangna. Djadi saha saha anoe teu ngarempoegan kana maksoed hade, samioek tea, eta moen di endog mah, katjingtjalangna tea.

Pasal noe kaopat noe didadarkeun koe andjeunna teh tina hal talina djadi hidji, tjenah teu aja deui kadjaba ti agama Islam, anoe sasat ngamoesoeh ka christenen.

Hal ieu oge, geus todjaiah tina boekti, sabab ajeuna di oerang geus eungkeut eungkeut, lain agama woengkoel noe meungkeut teh, tapi nomer kasatoena mah nja eta rasa kabangsaan, beuki djero, beuki mekar nationalisme, beuki raket dibeungkeutna.

Oe. N.

## Djoeragan O. Soebrata di Volksraad.

Ngawitan andjeunna sasaoeran, nja eta nganoehoenkeun ka wakil Pamarentah, wireh panoehoenna, tina perkawis prakprakanana polisi neangan katerangan tina hal pakempalan Pasoendan dikaboelkeun.

Saparantosna andjeunna ngabantah tjariosanana toean Bruineman tina perkawis Inl. bankjes saoerna: „Saparantosna koe sim koering dibatja, diboelak-balik sadajana noe koe sim koering ditjarioskeun ka toean Ligthart, tetela pikeun sim koering, djadi sanes sim koering noe lepat paugdoega, namoeng toean Bruineman koe andjeun lepat tjugali. Sim koering teu tiasa nampi kana panoeding andjeunna, madjahkeun sim koering hajang nembongkeun jen toean Ligthart teu panoedjoe kana madjengna Inl. bankjes. Teu pisan-pisan, malah mah kalintang sim koering bingahna, wireh toean Ligthart ngamoega-moega. soepados Inl bankjes madjeng, sanadjan ngamoemoeganana teh ngawoengkoel kasoeroeng koe kaperloeanana koe andjeun bae.

Noe ajeuna ditjarioskeun nja eta tina perkawis P. P. P. K. I. saoerna: „Djr. Voerzitter. Sajaktosna mah toean Bruineman tina perkawis ieu teh teu njarioskeun naon-naon, margi noe ditjarioskeunana woengkoel eusina hoofdartikel dina serat kabar de „Koerier". Ngawitan ditjarioskeun babadna Inheemsche Nationalistische eenheidspogiug (daja oepaja, soepados pakempelan-pakempelan priboemi noe berdasar kabangsaan, tiasa ngahidji).

Sanggemna teh N. I. P. sami bae sareng S. I. = R. C. = P. P. P. K. I.

Djoeragan Voorz. Lepat teu kinten ieu teh. Oepami N. I. P. disamikeun sareng P. N. I. roepina sim koering tiasa oge pertjanten. Oge oepami aja noe njangka jen Radicale Concentratie meh sami sareng P. P. P. K. I.

Namoeng noe sanes-sanesna lemoetan sim koering teu kinten lepatna. Eta mah samata-mata hidji djalan pikeun noediug bae ka P. P. P. K. I. jen ieu teh hidji persatoean, noe ngandoeng maksad berontak.

Atoeh teu kinten bentenna ari P. P. P. K. I. sareng N. I. P.— P. N. I. mah.

1. N. I. P. sareng P. N. I nja eta pakempelan noe elid-elidna biasa, benten deui sareng P. P. P. K. I, ieu mah federatie, elidna pakempelan pakempelan.

2. Poetoesan² P. P. P. K. I. nembe tiasa sah, oepami dimoepakatan koe sadajana pakempelan noe djanten elid federatie tea.

3. Federatie teu bade babadantenan tina perkawis beginselen van actie, oepami anggapan elid-elidna benten-benten.

4. Elid elidna pangoeroes Federatie, saeutik pisan kakawasaanana malah tiasa disebat teu aja pisan.

Djoeragan Voorz. Teu kahartos, naon margina toean Bruineman njangka jen P. P. P. K. I. berbahaja.

Kadjabi ti noe parantos kasebat di loehoer, noe njerat dina koran de „Koerier" tea, njarioskeun katjangtjajaanana, teu pertjanten kana pangakoeanana P. P. P. K. I., jen ieu pakempelan teu bade ngadjalankeun geweld politiek.

Noe aneh langkoeng ti aneh nja eta madjah teh panoehoenna toean Baars, hajang wangsoel deui, berhoeboeng sareng ngadegna P. P. P. K. I.

Sim koering wantoen nerangkeun, jen antawis P. P. P. K. I. sareng Buitenland teu aja pisan perhoeboenganana.

Aja noe risieun, bilih pakempelan-pakempelan. B. O. Sumatranenbond. Kaoem Betawi sareng Pasoendan katepaan „panjakit beureum." Namoeng pikeun sim koering teu risi saeutik-eutik atjan koemargi pertjanten ka pamingpin-pamingpinna, babakoena ka sim koering pribados lantaran tjadoe moengkoek sanggem paripaos, bade gadoeh tekad maksa—miroesa (daden van geweld).

Kirang langkoeng sakitoe tjariosanana djrg. O. S. dina kempelan Volksraad ping 2 Juli 1928.

Mk.

## Aja tjoekang geusan meuntas

Dihin pinasti anjar pinanggih.

Sakoer noe geus kadjadian baheula, tangtoe diahir bakal kadjadian deui. Anoe ajeuna dilampahan tapakna anoe baheula.

Sawatara taoen katoekang, di Serang (tanah Banten) aja tjabang Pagoejoeban Pasoendan. Nepi kana titis toelisna koedoe moesna ti 'alam doenja, ajeuna kantoen arwahna. Kamana nitisna teu aja noe bisa nerangkeun.

Tanah Banten, sabagian ti tanah Pasoendan, oerang Banten, teh oerang Soenda. Tapi . . . . . tapi, anah beh ditoeeun ti aneh, di wewengkon Banten seuseut seuat pisan. nerekabna tjita-tjita Pasoendan teh . Aja . . . tjabang Pag. Pasoendan anoe ngan hidji-hidjina di Serang, geuning ngan kantoen tapakna.

Dihin pinasti anjar pinanggih. Tjoendoek ka waktoe datang ka mangsa.

Tanah djeung oerang Banten, koedoe misah ti Pasoendan? Asa pii akoe.

Ajeuna djaman ngahidji, teu koedoe pakatjar anggang.

Pagoejoeban Pasoendan di wewengkon Banten, koedoe hiroep deui! Kitoe tjek kapertjajaan hate.

Sobatna Pag. Pasoendan anoe asih mikatjinta ka Pag. Pasoendan, anoe kaantjikan tjita-tjita hajang ngangkat ka bangsa djeung lemah tjaina, sangkan bisa satahapan djeung bangsa bangsa anoe sedjen, ajeuna aja hawar-hawarna rek ngalih ka Banten. Kebo moelih pakandangan.

Saha tea?

Teu koedoe disaha saha, geus moal aja noe bireuk Djoeragan Atje Salmoen tea.

Koering katjida pertjajana, andjeunna moal tjitjingeun, komo ajeuna mah aja di bali geusan ngadjadina, tjatjakan mantja nagara oge, geuning sakitoe soson-sosonna, ngabelaan ka Pag. Pasoendan teh. Komo ajeuna mah.

Mangga saksian geura tongton koe sarerea,

Pirakoe andjeunna rek lelewodeh, atoeh lingsemeun koe tjita-tjita nationaliteit andjeunna, anoe sakitoe geus kawangikeunana.

Koering djeung sakantja mitra, ngadoengakeun ti kaanggangan, malak mandar laksana sapanedja.

Moega-moega bae kahajang koering teh oelah njalahan.

Ti Banten ka Batawi henteu tebih dina aja kaperloean Pag. Pasoendan Banten, moal hese roewal rawel di Batawi aja tjabang Pag. Pasoendan anoe kenging disebatkeun tohaga. Malah, kapan H. B. Pasoendan oge di Batawi.

Mangga ajeuna mah geura gen tjabang Pasoendan Banten teh malah oetamana pisan mah, di oenggal dajeuh sakoeliah Banten sing nerekab nepi ka soeklak sikloekna.

Moega-moega hedjo lembok rambaj alaeun, raweuj teureujeun.

Djoeragan Atje Salmoen, djisim koering pertjanten pisan, jen djoeragan baris kersa didamel, nerekabkeun tjita-tjita Pagoejoeban Pasoendan, anoe dipitjinta koe djoeragan tea.

Kantja.

## Kapangkatan djeung agama

Matja karangan djrg M.S. noe sasat pangwalon kana karangan koering hal kapangkatan djeung agama, pohara atohna.

Atoh, doemeh andjeunna sigana pohara mitjintana ka Sip., soerat kabar noe koe koering oge dibantoe ditioepan sina geura geura binekas djagdjag waringkas, sing djadi soerat kabar Soenda noe sampoerna.

Moega-moega sing seueur noe tjara djrg. M.S. teh.

Kaatohan rada handjakal meneusan katjampoeran koe pasalingsingan harti.

Lantaran koering njeboetkeun: „moen prijaji Kristen bisa diangkat kana Bopati, atoeh Walanda oge teu aja halanganana djadi Regent," djrg. M. S. teras bae nganggap madjar maksoed koering teh, sakoer Kristen dianggap Walanda.

Tah ieu, anggapan ieu, pohara teu sapatotosna djeung maksoed koering. Koering teu dek noeding sakoer bangsa priboemi noe asoep agama Nasarani oge djadi Walanda . . . . . , teu pisan pisan malah teu inget-inget atjan ka dinja, waktoe koering noelis omongan noe diloehoer tadi. Ari eta mah sok aja (doeka loba henteuna) bangsa oerang noe asoep karesten, toeloej nganggap dirina djadi Walanda, . . . . . kawasna djoerg M. S. oge moal bisa nampik; komo noe tjara andjeunna, tetep dina kabangsaanana, tangtoe bisa nangarakeun.

Hal kahawekan, lain kaom sanah bae, kaom sinih oge samiwonten, memang jaktos, sipat djelema masih keneh djelema biasa, kahawekan moal leungit. Tapi heug bandingkeun hawek oerang djeung itoe. Tapi hal ieu mah bijzaak.

Ari pangpangna maksoedna karangan teh kapan naha prijaji kristen bisa djadi Bopati? Tjeuk koering: leuwih bade entong, sababna dina karangan geus diseboetkeun.

Ieu pamanggih koe djrg. M. S. dibantah. Saoer andjeunna—noe asoep agama Kristen—koering djeung babatoeran koering noe asoep karesten, senang bae djeung pertjaja bae di bopatian koe noe lain karesten oge.

Tjatjakan oepama kabeh djelema, boh kaom Islam, boh kaom karesten, anggapanana geus tjara djrg. M. S. sakantjana, kawasna koering oge teu rek ngahalang-halang.

Tapi djrg. M. S. bangoenna teu oeninga dikaajaan di pagoenoengan, atjan nalingakeun bener bener anggapan todo, ahli taklid, toetoeroet moending. Tjeuk panjeueung koering, bangsa karesten teh wordt meer geduld dan gewenscht.

Komo oepama heug di tempat tjara Banten atawa Tjiandjoer, noe sok disareboet panatik tea, siga koemaha kaajaan. Boa moesna katengtreman nagara.

Tah ieu noe djadi sabab, teu rek njotjogan bangsa karesten djadi Bopati.

Lain tjoea ka djelemana atawa ka agamana, lain!

Keukeuh rasa koering, koe mere kalonggaran prijaji karesten djadi

Bopati, ieu matak noengtoen kana koerang kereta nagara.

Hanas noe sedjen, sedjen deui anggapanana, atoeh da sakadoetna-sakadoetna.

Hal agama teu tjampoer djeung kapangkatan, madjar naek pangkat lain koe agama, tapi koe katjakepanana, sanadjan aja oge tjaritakeunana, bisa mere tjonto-tjonto, jen agama sok djadi pangdjoeroeng naek pangkat, di dieu moal disabit-sabit, da perloena mah kapan ngan pananjaan eta bae: Naha prijaji kristen bisa djadi Bopati?

Koemaha ari tjeuk noe sedjen?

**N.**

## Ngarewong.

Dina Sipatahoenan koering geus matja karangan anoe alamatna „bajaran sakola."

Tina hal ieu, koering miloe ngarewong, ngasoepkeun timbangan dina Sipatahoenan, soegan bae matak djadi tamba saeutik-eutikeun ka bapa boedak.

Di ditoe, di sakola tempat koering digawe (B. I. S. partic. anoe disoebsidi), sok radjeun oge toeau hoofdna meunang kasoesahan koe pasal narik pembajaran sakola tea, babakoena ti djelema anoe deuih maranehanana oge meunang kasoesahan kakoerangan koe doeit, lantaran aja kaperloean anoe loear biasa. Anoe geus karandapan koering di ditoe mah atoeranana teh kieu: Dina tanggal 2 saban boelan rekening teh dibagikeun ka baroedak, sarta ditangtoekeun koedoe majarna dina tanggal 3—4—5. sarta diomat-omatan lamoen baroedak teh henteu bisa majar disadjero eta tempo anoe ditangtoekeun tea maranehna koedoe mawa soerat ti kolotna anoe nerangkeun tatjan bisa majar poë eta, kitoe deui ngaoedjakeun iraha pibisaeunana majar. Ari sababna paugna diatoer kitoe, aja oge, nja eta:

1. Doemeh geus kadjadian aja baroedak anoe ngan dadakoe bae tatjan bisa majar, padahal ti bapana enggeus, tapi doeitna ledis koe manehna dipake djadjan atawa barangbeuli anoe sedjen.

2. Soepaja anoe djadi hoofdna henteu koedoe oenggal poë mariksakeun bajaran sakola ka eta boedakk. Oepama geus nepi kana poë noeroetkeun kanda dina soerat tea. koe hoofdna gantjang bae ditanjakeun, oepama teu aja, nja sok toeloej dititah balik, kadjaba lamoen aja soeratna deui anoe leuwih penting. Salila tatjan beres mah pembajarau sakola eta boedak, tangtoe moal bisa ka sakola, da sieuneun atawa eraeun.

Tapi ieu atoeran anoe di loehoer, lain pisan noeroetkeun owet, ieu mah estoe atoeran sorangan bae anoe di lampahkeun di ditoe ajeuna, doeka ari matak beurat henteuna mah ka kolot baroedak, tapi ari tetendjoan koering mah henteu sabaraha matak beuratna, ngan lamoen ka hoofdna mah euja matak djadi kasoesahan, lantaran loba toenggakan.

Ari katangtoean anoe saenjana euja na anoe aja dina owet perkara pembajaran sakola di H. I. S. nja eta dina Staatsbl 1922 Nö. 383 alinea 1 artikel 32, kieu oenina dina basa Walanda mah:

Het schoolgeld moet worden betaald voö rof op de tienden der maand volgende op die waarover het verschuldigd is. Ieu noe djadi Schoolgeldreglement sakola Walanda, tapi manoeroet Staatsblad 1914 No. 762 artikel X ieu atoeran geldig pikeun sakaboeh H. I. S. Goepernemen. Goerat-goerat handapeun ketjap vöör djeung of op de tienden, beunang koering sorangan neundeunan, tina boekboena mah teu aja. Eta artikel koe koering dek diseboetkeun bae koe Soenda, tapi ngan dilelebah bae, kawantoe ngan oekoer taram taram kana basa Walanda teh koering mah, ieu mah daek soteh ngan koe awahing bajang miloe tea bae kana oeloe-bioeng. Kieu soegan Soendanana: Bajaran sakola boelan noe geus kalakonan, koedoe loenas dina samemehna atawa dina tanggal sapoe loeh boelan keur dilakonan.

Sakieu pamanggih koering, soegan aja mangpaatna.

**M. S.**

## Bandoeng.

Ieu anoe rek ditjaritakeun teh, kawas lain perkara aneh, pilakadar njaritakeun Bandoeng naon anehna.

Tapi, batja teroes.

Naon djeung koemaha ari di Bandoeng?

Sanadjan anoe remen oge, njaba ka Bandoeng, nja kitoe deui dalah oerang Bandoeng-na pitoein oge, ari anoe henteu daek ngaregepkeun mah, tangtoe moal sakoemaha njahona, sagala oenak anikna Bandoeng.

Moal ditjaritakeun, lamoen katimbang henteu aja perloena.

Bandoeng teh, beunang diseboet poeseurna tanah Pasoendan, tanahna datar sarta dilingkoeng koe goenoeng, hawana ngeunah, tapi sok gegentakan. Tina tiis kana panas teh, sok katjida pisan ngagentakna, kitoe deui sabalikna.

Dajeuh Bandoeng, lamoen tjara djalma mah, molontod bae tereh ngagedeanana. Boektina oenggal taoen tambah madjoe, mingkin lila mingkin rame, gedongna pating djalegir, boet bat djalan beunang ngaspal. Tapi koemaha kaajaan oerang priboemina?

Engke oerang tjaritakeun di handap.

Dajeuh Bandoeng bisa djadi kahareupna mah, djadi dajeuhna tanah Indonesia.

Ajeuna boektina, toelang tonggongna kakawasaan pamarentah oge, ajana di Bandoeng, nja eta Departement van Oorlog.

Poehoena pakasaban pamarentahan oge ajana di Bandoeng, nja eta Departement Gouvernements Bedrijven.

Geus dipareboetkeun, jen Departement van Onderwijs en Eeredienst oge koedoe pindah ka Bandoeng.

Bab pangadjaran di Bandoeng katjida madjoena. Di djero dajeuh Bandoeng aja sakola panglochoerna, nja eta sakola Ingenieur, tapi aneh di djero dajeuh Bandoeng, aja keneh sakola dessa.

Sakola patoekangan, aja Techn. School djeung Ambachts School anoe Gemeente. H. B. S. djeung A. M. S. geus poegoeh deui, sok soemawonna ari MULO mah, tapi handjakal pisan Gouvernement ngan ngajakeun 3 H. I. S. lamoen henteu rea H. I. S. partikoelir, meureun rea boedak anoe henteu bisa asoep ka H. I. S. malah aja Chr. H. I. S. nepi ka kapaksa baroedak Islam oge rea noe arasoep ka sakola Christen. Katjida handjakalna henteu aja H. I. S. met de Qoer'an tjara di tanah Djawa.

Di Bandoeng oge, aja ari sakola agama Islam mah, tapi tatjan meunang diseboetkeun gede, lamoen dibandingkeun djeung kaperloeanana.

Koempoelan Agama di dajeuh Bandoeng lain teu aja, poegoeh bae ari ajana mah, tapi kakoerangan tanaga, kawas koerang anoe ngadeudeulna.

Doeka oepama oerang Bandoeng katjida ngalalaworakeunana kana bagbagan Agama, koering teu bisa njeboetkeun. Ngan anoe katjida anehna teh, di deukeut kaoem nepi ka aja sakola Christen. Tah geuning kitoe ari bateer mah, njieun propaganda teh.

Amal djariah di Bandoeng kawas teu pati aja, boektina nepi ka hese pisan manggih tadjoeg. Tanah Pasoendan beulah Koelon, di djero dajeuh teh, sok aja doea tiloe masigit, soemawonna ari tadjoeg mah geus teu poegoeh itoenganana. Di sisi-sisi waloengan sok manggih batoe beunang ngampar atawa bale, pikeun anoe ngadjaralankeun ibadah. Tapi di Bandoeng mah hese pisan rek manggihna. Aja ketang masigit anjar di Tjihapit, tapi orakaja deukeut tangsi, toeroeg toeroeg meunang diseboetkeun lain di kampoengan oerang Islam, sabab meh sakoeriling na kalingkoeng koe imah Walanda woengkoel.

Sanadjan Bandoeng hidji dajeuh anoe madjoe, tapi perkara Agama Islam mah tatjan meunang diseboetkeun madjoe.

Lamoen oerang ngaleret kana bagian Economie, bisa oge diseboetkeun Bandoeng teh aja oge poendjoelna ti batan di sedjen tempat.

Di Bandoeng, oerang bisa neudjo toko tokona bangsa Priboemi anoe meunang diseboetkeun galede, nja kitoe deui aja bangsa Priboemi anoe ngabogaan sawah atawa taloen poeloeh nepi ka ratoes baoe. Tapi sanadjan kitoe oge, lamoen dibandingkeun djeung pangabogana oerang Asing mah, anoe ngahadja ngadon boeboeara, djaoeh mela meloe pisan. Aja bank instelling „Himpoenan Soedara" anoe aja rada meueusan oge, tapi eta oge seuseut seuat pisan, ngan malak mandar bae ka hareupna bisa leuwih madjoe.

Anoe daragang di Bandoeng, geus teu koedoe heran lamoen gantjang madjoena, nja kitoe deui, teu koedoe heran lamoen gantjang tidjoeralitna, sabab Bandoeng teh hidji kota pelesir, meunang diseboetkeun Parijsna Indonesia.

Anoe dagang maradjoe, sabab oerang Bandoeng mah, ahli make ahli dangdan, barisa mapantes awak. Sanadjan ti beurang nanggoeng soendoeng tjarek wiwilanganana, tapi ti peuting mah, make kebat dibendo make dasi. Sanadjan anoe henteu njaho a atawa oe, tapi perkara dangdanan moal eleh koe kaloearan Mulo. Tah koe sabab eta, tangtoe djadi kaoentoengan ka anoe daragang teh.

Tapi sanadjan garampang tjari oentoengna, lamoen koerang ati ati tangtoe gampang tidjoeralitna, sabab rea anoe djadi gogodana. Bangsa awewe anoe sok ngamoemoerah diri, di Bandoeng mah, geus teu poegoeh itoenganana, pageulis geulis, paginding ginding, pagandang gandang. Dina geloeng oge pamodel model, geloeng tetel, geloeng tikel, geloeng loeis tapi manis, geloeng koesoet tapi loetjoe. Tah nja ieu pisan anoe mawa bibit kana ramena Bandoeng teh, malah nja ieu pisan anoe matak ngaroentagkeun kana pakasaban teh. Lamoen koerang koerangna nahan panggoda, oelah sambat kaniaja.

Feestterrein di dajeuh Bandoeng aja 4, tapi oenggal peuting parinoeh bae.

Bioscoopen katjida reana, tapi oenggal peuting bisa dimaenkeun, lantaran tara koerang noe laladjo. Laladjoaneun anoe sedjen, boh Circus boh Bangsawan meh teu aja kendatna. Ari laladjoaneun bangsa maen bal mah teu koedoe ditjaritakeun deui, anoe kitoe mah nepi ka oenggal Minggoe. Worstelen, ngadoe pentja, kongkoers igel, geus djadi kabiasaan, tjindekna laladjoaneun woengkoel, geus teu poegoeh itoengeunana. Poegoeh deui ari ngadoe keeda djeung Jaarbeurs mah, anoe sataoen sakali, nepi ka rea djalma anoe popohoan.

Dina kapelesiran leut ka ditoe, leut ka dieu, tangtoe pisan rea anoe ngabadja mitjeun doeit, tapi aja oge anoe ngahadja bari oesaha.

Oesaha naon?

Ari anoe dagang kadaharan atawa papakean mah, geus djadi kaloembrahan, tapi ieu mah oesaha dagang napsoe, saha anoe palaj seep napsoena, mangga oerang sindang heula.

Tadi geus ditjaritakeun, lamoen oerang arek neangan tadjoeg geusan ibadah katjida hesena, tapi ari rek njiar pamondokan mah, sanadjan ti beurang oge, moal soesah njiar pitempateun, meh di oenggal lemboer di oenggal gang oge, gampang pisan manggihna.

Selang-selang tina laladjoaneun, henteu koerang tempat pelesiran, tempat paparahoean, pamandian henteu koerang. Moal koerang djalan geusan njoempoenan pangadjakna napsoe.

Dajeuh Bandoeng lain ngan kota pelesir bae, tapi di Bandoeng loba deui noe moehit kana kitab, lain kaloearan Mekah, kajaning kitab 120, 104, 28. Loba noe resep kana bilangan dalapan-salapan, lilikoeran.

Tjindekna roepa roepa . . . . . noe noengtoen kana kateupoegoehan.

Toeloejkeuneun.

## Boentoet poetjoek beweging.

Lain tjeuk koering ieu djoedoel teh, tapi tjeuk itoe, batoer, anoe ngangaranan teh, roepana diarah babarina bae. Woeri-woeri aja oeroesan „n j e t a k" ngadjoeal poetjoek di alas Tjiandjoer kidoel (Soekanagara), ari teu koengsi saminggoe, aja hidji Administrateur anoe d i b e r i koe koeli-koeli nepi ka ripoeh, bedjana mah. Teu mangkoek tepoeng poë geus habek deui bae, Administrateur Tjigoeha tjenah mah, mastakana diadjar kenalkeun djeung paneunggeul, nepi ka repot oge.

Koering mah teu bisa netepkeun naha kadjadian ieu teh, boentoet poetjoek-beweging atawa lain, sabab teu atjan bisa ngesahkeun kana roepa-roepa bedja noe aja dina Bat. Nieuws blad, lantaran djolna ti kaom sanah. Di ditoena mah landoeng aisan, inggis bisi didjieun-djieun.

Tjara model Djrg, I j a n Radja enteh „T h e e k o n i n g" di Soekanagara, sapedah djadi pamanggoelna tina poetjoek—beweging, toeloej bae diseboet koemiunis, malah dingaranan tjampoer baoer kana ngadjoealan pestol gelap koe B. N. mah. Toer padahal ari koe akal mah taja petana, pamohalan kitoe teh, da hiroepna oge aja 4 at. 5 kalieun hiroepna Hoofdredakteur soerat kabar anoe gede, boeboelian kebon entehna, lain ratoes hidji, ratoes doea baoe, tapi ratoesan baoe, malah tjeuk bedja mah reboe oge, aja. Tah, model kitoe! Anoe matak liat rek mertjaja.

Kana ieu kadjadian, noe nepi ka kaloear d a r a h, pikeun koering katjida handjakalna, naha di tanah Priangan, tempat manoesa pinoeh koe laoetan sabar, nepi ka aja model kitoe. Nja ari tjara Deli mah, geus teu kaget deui, da kadjadian saari ari, pangaroehna poenale sanctie, tapi moenggoeh pikeun alas oerang mah tjarang langka kabina-bina. Asana bae, saoemoer hiroep, mitembejan, aja noe kitoe.

Koe lantaran oerang Soenda mashoer ahli sabar, djeung di Pasoendan, (Babakoena di Priangan), tara aja kadjadian kitoe, ka koeringna ngadjadikeun masalah oge, djeung timboel timboeroe.

Sok pirakoe hidji martabat pantar koeli, anoe sakitoe hinana, nepikeun ka nekad ngalawan sarta mergasa djalma koelit bodas anoe sakitoe loehoeng—agoengna, lamoen henteu teuing djeung teuing meunangna panghina atawa panjangsara ti pihak Itoe.

Katoeroeg-toeroeg panjangka kitoe teh sadjalan reudjeung alam. Waktoe ieu teh beunang diseboet keur alam „moeraug—mareng" atawa „meupeus keujang", pikeun elid-elid campagne tegen Inl. meerderheid mah. Roepa roepa dengkekan estoe loba katarana, tjeuk noe awas mah.

Timboeroe kieu teh, tangtoe lain pikeun koering bae, tapi komo pikeun politie djeung Bestuur districtna mah, tangtoe djadi bron djalanna pamariksaan. Geus moal salah deui anoe pang diheulakeun njoektjroekna, tina hal ieu, noe djadi lantaran, da ari dosa koeli mah geus sidik mergasa. Ngan pangna djol ka dieu, naon noe djadi alatan, pikeun ngentengkeun kana dosana.

Sanadjan Inl. Bestuur geus teu sak deui katjakepanana, tapi ari medewerking ti pihak anoe mangarti di alas Soekanagara meh koedoe aja, bisi aja masalah noe teu kapanggih, moal ari teu ditembongkeun mah.

Kadjaba ti kitoe, ka oerang deui djadi tjiri, jen koeli di oerang, tanah Soenda geus eungkeut oungkeut njaho kana eigenwaarde emboeng ditintjak leuwih ti misti koe bangsa asing, kitoe soteh-rada atoh tea-lamoen pangna nepi kitoe tea, aja sabab noe sah. Tapi sabalikna, manan atoh mah, anggoer era parada pabaoer djeung handjakal, lamoen lakoe-lampahna kitoe, kasoeroeng koe kakoerang adjaran (brutaliteit).

Koe sabab ajeuna teu atjan poegoeh ringkoekna papariksaan, djadi saha oge teu atjan bisa netepkeun naha handelswijzena kitoe teh in zijn recht henteuna. Ngan ari paneda mah moal pegat moega-moega oelah ninggang kana noeroestoendjoeng, koeli-koeli teh.

**K.**

## Oeang doedoek.

Moal salah salah teuing, oepama koering njeboetkeun jen sakabeh elid-elid Raad Kaboepaten dina waktoe nampa kaelidanana teh henteu boga pikiran kana tjari oentoeng. Djoeng indit ti imah teh estoe samata mata hajang miloe ngoeroes kaperloean oemoem. Kitoe deui noe koedoe ngoeroeskeun kaperloean sapopoë lid-lid rengrengan gecommitteerden, kawas moal bina, da eta keneh, sanadjan pagaweanana leuwih loba, koempoelanana mindeng: saminggoe sakali.

Oepama aja atawa kabeh Raad Kaboepaten moetoeskeun, soepaja rengrengan gecommitteerden meunang oeang doedoek, eta lain djorodjoj sabeuleugeundjeurna hajang mere kaoentoengan, tapi pikeun ngahargaan tanaga arandjeunna,, *ngeunteuug kana pagawean sedjen, noe sabangsa, toer noe koe Pamarentah geus dihargaan sameuajeuhnana.*

Tjatjakan oepama pagawean noe sabangsa tea, saperti *Wethouders* atawa *gedeputeerden* teu dihargaan koe mata doeit, kawasna Raad Kaboepaten age moal gana-gana menta paidin pikeun mere *paroeroegi* ka rengrengan gecommitteerdenana. Komo bangsa priboemi, noe kabisaanana *bescheiden*, taja petana, oepama teu aja tjonto, kana daek totoroeol menta boeroeh. Ieu mah pangkitoena teh doemeh aja kalangkangna noe ti heula. Oepama itoe meunang paroeroegi, naha ieu henteu? Poegoeh kitoe adilna.

Djrg. djrg. Wethouders ti roepa roepa gemeente pada mareunang toelage. Djeung asa saoepama. Saperti Bandoeng moen teu salah, djaba ti satengahna gadjih asal moen noe njekel gawe meunang paroeroegi dina saboelan opat ratoes roepia; Batawi leuwih loba doeka poho deui; Soerabaja toedjoeh ratoes lima poeloeh roepia,

Djrg.-djrg. Gedeputeerden Raad Provincie satengahna tina gadjih ditambah lima ratoes roepia. Malah aja bedja noe lima ratoes teh rek diobah soepaja djadi *sareboe roepia*, (Hm! da keur arandjeunna, Zett).

Naon ari gawena rengrengan Gecommitteerden?

Kawadjiban maranehanana geus ditetepkeun dina R. O., ngoeroes kaperloean kaboepaten sapopoë djeung noe boga tanggoengan hade gorengna sagala kawadjiban kaboepaten.

Bisa djadi di sawareh kaboepaten rengrengan Gecommitteerden teh ngan didjieun *aes* bae woengkoel, tapi loba deui Raad kaboepaten noe memang enja-enja digarawena. Koempoelan sakoerang-koerangna opat kali saboelan. Sakali-kalina djam-djaman. Paling sakeudeung teh tiloe djam. Teu beda bae djeung Wethouders atawa Gedeputeerden, ngan gede djeung leutik.

Noe matak mentana ge, Raad kaboepaten euweuh noe menta ratoes pikeun paroeroegi kana kahesenana, oekoer paling gede, dina sakali koempoelan sapoeloeh roepia.

Djrg.-djrg. Gedeputeerden, noe toelagena bade reboe, teu aja noe ngaragap angen sorangan, teu kersaeun ngoekoer kana kesangna koe andjeun, eta oge *sapoeloeh* roepia teh djadi saoerang dina saboelan f 40.— *ditawar.* Heug bae, saoerna (meureun dina hatena mah make diimplik-implikan: ari keukeuh-keukeuh teuing mah) „heug bae," saoerna, „tapi oelah sapoeloeh roepia (seueur teuing nia noen. Zett.), lima roepia oge tjoekoep."

Tjeuk noe ngalakonan pagaweanana, bisa djadi boga pikiran abong deui soteh ngingetkeun kana teu dihargaan pagaweanana. Pirakoe soegan ari aja pikiran pedah bangsa Marhaen woengkoel mah.

Ari eta mah sababna noe dikaheureupkeun koe djrg.-djrg. Gedeputeerden, madjar met't oog op de beperkte middelen van het Regentschap, (lantaran kaboepaten koerang doeit), asa teu koedoe djadi sabab, sabab ari ngingetkeun ka dinja mah de Provincie baadt zich ook niet in weelde.

Tapi ari koedoe aja mah doeitna, nja aja.

Kaboepaten oge moal moerstel tamboeh tamboeh, oepama teu kaeroug pikeun ngajakeun doeitna.

Lantaran ieu, di salah sahidji kaboepaten, rek dipoerstel ti batan koedoe ditawar mah, mending entong samasakali, uit *selfrespect.*

## Familie - regeering!?

Euleuh! Karah teh kitoe, tjara dina Sipatahoenan noe kamari noe diseboet „Familie - regeering" teh? Koering mah kakara njaho, jen lamoen hidji dessa diereh koe hidji Loerah djeung sabondoroijotna; kaasoep kana kolom familie - regeering! Koetan!?

Tapi . . . ke . . . lanan, sanadjan djol ti tangan Redaktoer oge, sarta djadi bongbolongan ka koeringna, moal waka nganoehoenkeun, bisi eta teh ngan pamanggih andjeunna bae, njalira, sabab koering oge, sanadjan bodo djeung rada balegoeg, da ari panon djeung tjeuli mah rada normaal.

Tjenah eta, djoeragan Redaktoer kagoengan saksi d j e m p o l, nja eta djrg. Moehamad Enoh, „indoeng leungeun" lid Raad Kaboepaten, anoe kagoengan proestelan ngaleungitkeun model kitoe!

Kadjeun, nadjan saksi sakitoe maherna, geus mojan, ka koering teu atjan djadi sabab, maksa koedoe mertjajana. Ari sababna, noeroetkeun hoekoem overtuiging koering saksi hidji mah teu atjan tjoekoep, katoeroeg toeroeg in strijd met dedengean djeung deudeuleuan koering.

Koe sabab kitoe ngadjadikeun pikiran ka koeringna, naha koedoe mertjaja ka djrg. Redakteur djeung

ka djrg. Mh. Enoch, atawa kana panon djeung tjeuli koering? Sabab doea pihakanana noeroetkeun kana adeg pangadegna mah, hak dipertjajana.

Panon djeung tjeuli koering di palebah dieu gericht kana gedecentraliseerd kantoor, doeka di mana, koedoe uitgemaakt koe gedeputeerden bae di dinjana mah.

Tah eta kantoor teh, kapan sadajana oge parantos oeninga, koe saha dierelna, djeung saha noe ngerelna. Dina eta kantor beunang oge diseboet garikgik koe pala wargi, henteu ari loba mah, tapi mokaha gegek.

Tah, koe lantaran aja feit kieu djadi mendog majong hate teh, mana noe koedoe dipertjaja.

Ari sababna eta noe ngereh teh beunang diseboet saontwikkeling djeung djrg. Redaktoer katoet djrg. Mh. Enoch, malah boleh djadi ari loeang mah meunang. Sok pirakoe andjeunna teu oeninga kana hartina familie-regeering. Kitoe deui pirakoe make dipilampah, lamoen enja mah model pantar kitoe pikia kia djeung maksoed pamarentah.

Tjenah eta . . . . , sanadjan oeninga, sanadjan sidik oge, lain salah andjeunna, tapi salah college van gecommitteerden atawa Raad pisan, da tanggoenganana, ngabenoem djeung ngalepas oge.

Poegoeh bener, nja kitoe pisan, tapi . . . . aja deui bae tapina mah, koemaha lamoen njieunna (ngabenoemna) tea, teu karana pahadreng heula. Saha noe boga salah?

„Hissss, teu poegoeh ari kitoe mah"

„Nja eta teu poegoeh, noe matak ditjaritakeun oge".

Kitoe sarsilahna noe matak djadi pikiraneun, nadjan lain ti djrg. M. G. K Timbangwindoe oge.

Ajeuna mah njanggakeun bae ka djrg. M. G. K. anoe ahli ngalawan „teu poegoeh"

Tjing mangga djoeragan, bidjilkeun toetoeroetjingan teh, soegan ajeuna mah mangsana.

Ieu koering dibingoengkeun koe djrg. Redaktoer djeung djrg. Mh. Enoch.

**Abong deui!!**

## Robahan-robahan naraek Hadji.

Samboengan.

Hal ieu kantenan bae aja pasalisihan panjewa„panjewa onta sareng autobus autobus anoe pangasilanana sasat meh ka kedoek. Koe katjakepan Soeltan eta pasalisihan dibeberes, ngawitan onta-onta heula sina maradjeng liwat sababaraha dinten nembe panoempang autobus diinditkeun.

Di Djoedah oge aja robahan noe njenangkeun nja eta diadegan paranti djamaah djamaah ngarantos kapal.

Di taoen ieu teu kirang ti 35 reboe noe maroenggah hadji ti Hindia, 20 reboe anoe parantos maroelih kana 23 kapal „Kongsi Tiga". Hal ngoenggahkeun noe sakitoe roana teh, padamelan 1/2 sasih.

Anoe maraot di kapal ajeuna kaoeninga 30 a 35% kirang ti taoen poengkoer.

Kapoengkoer biasa 30 doegi ka 40 anoe sakit keras noe kedah digotongan ka kapal, ajeuna mah moeng 10 a 15 bae, tina oenggal oenggal 1500 djamaah.

Atoeran narik djamaah djamaah anoe maroelih, ajeuna beres, tepi ka tempatna masing masing.

Kanggo oerang Sumatra diajaan karantine di P. Roebia tjaket Sabang.

Koe pamarentah Hedjaz, manoeroet wet agama dilarang anoe moenggah hadji bari dagang.

Dilarang keras aja gerakan merah.

Nja kitoe deui panoehoenna Sultan Ibn. Saoed ka Hindia satiasa tiasa anoe djahat teu kenging moenggah hadji.

Oerang Roes bawah Kaukasus oenggal oenggal taoen aja kinten kinten 300 anoe maroenggah hadji.

Ajeuna di Mekah aja noe ngantjik 40 bangsa Europa, antarana aja 9 bangsa Walanda.

**P. P.**

## Loeloes examen.

Mantri mantri Roemasakit klas I ti Priangan Wetan.

Djr. Dir. Sahmad, Daspa, Empi sareng Achmad ti Tasikmalaja.

Djrg. Soeparma Garoet.

„ Roekiah Tjiamis.

## Wartos ti Administratie.

Lg. No. 6 f 1,50. Lg. No. 20 f 1.50. Lg. No. 40 f 1,—. Lg. No. 43 f 1,50. Lg. No. 97 f 3,—. Lg. No. 286 f 4 50. Lg. No. 297 f 1,50. Lg. No. 405 f 1,50. Lg. No. 436 f 1,50. Lg. No. 529 f 1,50. Lg. No 555 f 1,50. Lg. No. 624 f 1,50. Lg. No. 649 f 1,50. Lg. No. 660 f 3,—. Lg. No. 726 f 1,50. Lg. No. 795 f 3,—. Lg. No. 828 f 3,35. Lg. No. 850 f 1,50. Lg. No. 960 f 1,50. Lg. No. 981 f 1.50. Lg. No. 982 f 1,50. Lg. No. 525 f 3,—. Lg. No. 633 f 3,— Lg. No. 659 f 1,50 Lg. No. 735 f 4,50. Lg. No. A. 470 (1081) f 1,50. Lg. No. A. 406 (1082) f 1.50. Lg. No. A. 505 (1083) f 1,50 Lg. No. A. 517 (1084) f 1,50. Lg. No. A 520 (1085) f 1,50. Lg. No. A. 492 (1086) f 1,50. Lg. No. 81 f 3,- Lg. No. 115 f 1 50 Lg. No. 196 f 1,50 Lg. No. 209 f 1,50. Lg. No. 306 f 1,50. Lg. No. 346 f 1,50. Lg. No. 359 f 3,—. Lg. No. 380 f 1,50 Lg. No. 677 f 2,—. Lg. No. 847 f 1,50. Lg. No. 552 f 3,50.

Noehoen sadajana katampi. Lg. No. 297 Djrg. S. S. P. anoe aja karangan djrg. Partaamisena parantos seep.

## Tentoonstelling di Tasikmalaja.

Ti ping 1 doegi ka ping 7 September '28 di Tasikmalaja bade diajakeun tentoonstelling roepi roepi karadjinan boeatan oerang Priboemi. Sae tingali bae advertentiena dina katja III.

—o—

## Voorvergadering Raad Kaboepaten.

Dina malem Senen ping 19 ka 20 Augustus '29 di Tjimoeloe 12 bade voorvergadering Raad Kaboepaten Tasikmalaja fractie Pasoendan.

Ngawitan taboeh 7 sonten.

—o—

## Goeroe H. I. S. Pasoendan Tasikmalaja.

Djoeragan Kartaamidjaja Goeroe H. I. S. di Tjiamis dibenoem djadi Goeroe di H. I. S. Pasoendan, ngagentos Djoer. Atmawinata noe diangkat ka Volkslekctuur di Batawi.

## Soerat terboeka.

Kahatoer
Para djoeragan Bestuur Tjabang Pasoendan:
Batawi, Paroeng, Soekaboemi, Tjiandjoer Soemedang, Garoet sareng Tasikmalaja.

Sareng hormat.

Hatoer tingali ka sadaja Tjabang Pasoendan anoe kasebat di loehoer, rehing kapoengkoer anoe djaradi oetoesan kana congres di Garoet parantos sami kersa ngadeudeul kersa noeloeng bade itikoerib. mang djoealkeun boekoe „Emoening Kabangsaan" anoe dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Bandoeng.

Koe tandangna para wargi sadaja, bestuur Tjabang Pasoendan Bandoeng ngahatoerkeun rewoe rewoe noehoen.

Nanging koe margi Tjabang Pasoendan Bandoeng doegi ka ajeuna teu atjan nampi wartos, saoaraha noe parantos padjeng atanapi sabaraha kantoenna, teu kinten ngadjeng ngadjengna wartos.

Disoehoenkeun ka sadaja bestuur Tjabang anoe kasebat tadi, moegi kersa ngintoenkeun tjatetan, sakitoe nampina boekoe, saanoe padjeugna, sakieu piartoseunana, sabaraha artosna anoe parantos di kintoen, sabaraha kantoenna.

Engkena bade diakoerkeun sareng bon-bonna anoe ajeuna kasimpen di Tjabang Pasoendan Bandoeng. Ka anoe parantos ngintoen hatoer noehoen ka anoe teu atjan, ti samemehna timpah noehoen.

**Bestuur Tjabang Pasoendan Bandoeng.**

## Boentoet keneh.

Minggoe minggoe ieu dina A. I. D. aja kabar, madjar aja pamoendoetna Pamarentah ka Dalem Garoet, soepaja andjeunna kersa njepeng kapangkatanana doea taoen deui. Ieu pamoendoet diimpik—implikan koe djangdji, engke dimana goebragna pangsioen baris ditoeloejkeun koe poetrana tea.

Nilik kana ieu tjaritaan, dongeng ki Moerdopa noe make Pandjaloe-Pandjaloe kitoe tea djeung njaritakeun gerentesna noe ti handap, tetela pisan kaajaan hambalan teh roepa-roepa pisan, nepi ka pagirang-girang tampian. Noe ti handap: milir, milir, milir . . . . Noe ti loehoer moedik euj, moedik!


**BEWARA.**

Hoofdcomite tongtonan tatanen, dagang, karadjinan pamiaraan sasatoan djeung salian ti eta di **Tasikmalaja**, hatoer oeninga, jen ngawitan ti tanggal 1 doegi ka 7 September 1928 baris diajakeun **tongtonan** sakoemaha anoe dimaksoed di loehoer bieu, tempatna di aloen-aloen Kaboepaten **Tasikmalaja.**

Saha anoe perloe nganggo tempat, moegi enggal badanten sareng djoeragan **Jo Tek Seng Tjibideung 37 Tasikmalaja.**

Hoofdcomite

**Preanger Chemicaliën Handel**
**TASIKMALAJA.**
Telefoon No. 76.

Ajeuna noe gadoehna parantos gentos.

Salamina sajagi obat patent sareng roepi² deui. Sajagi sigaret, seeroetoe roepi² noe raos.

Sajagi katja panon model ajeuna, aja noe londjong, boender sareng noe nganggo penjoe, didamelna tina nekel, double atanapi emas, pangaos pantes, ditanggel sae, kenging ditingalian di Toko.

Noe parantos kenal kenging masihan bon sapertos noe parantos-parantos.

Noe ngantos-ngantos
**Visser**
Ass. Apotheker en Opticien.

Wawatjan Lajang Sech Abdoel Kodir Djaelani tamat 100+50 manakib pangaos f 4.—

Kantoen saeutik deui. Boekoena kandel ageung djilid karton dikembang-kembang

Weweling ka noe aranom sareng sepoeh f 0.30 karangan Boedjangga Djoeragan Aria Mangoenredja, teu kedah dipoedji deui.

Noe ngantos pesenan
R. Tisnawidjaja.
Penningmeester B. K.
Djadjawaj
Tasikmalaja.

Kenging oge ngagaleuh ka Toko v/h Pasoendan Tasikmalaja.

**AL-FOER-QAN**
**Tafsir Qoer'an**

Satoe tafsir jang beloem pernah ada bandingannja dj segala bahasa.

Diartikan tiap-tiap satoe kalimah dari satoe ajat setjara woordenboek, lantas diberi arti rangkaian, lantas diberi katerangan (noot), lantas diberi rengkasan boeat tiap-tiap ajat.

Satoe ajat diterangkan ampat kali.

Boleh dapat tjontoh pertjoema.

Tiap-tiap satoe bagian harga f 1.—

Bisa dapat dari kantoor „PERSATOEAN ISLAM"
Pengeran Soemedangweg Bandoeng.

**Kleermaker M. SOEKARDI**
Gang Bruijns & Thijssen No. 8.
BANDOENG.

Trima pekerdjaan boeat bikin segala roepa pakean boeat Toean toean menoeroet model baroe dan enak dipakenja. Ditanggoeng baik, lekas dan harga lebih moerah. Soedah dapet soerat poedjian dari Regent Pandeglang.

**Djoega ada sedia roepa roepa kaen.**

**TAN JOE AN**
**TOEKANG GIGI**
Dimoeka Pasar Tasikmalaja.

Saja bisa bikin gigi roepa - roepa dan bisa obatin penjakit gigi.

Kerdjaan ditanggoeng baik dan harga pantes

Para Djoeragan sareng saderek saderek pameget istri.

Oepami angkat ka Bandoeng oelah lepat, moegi karoelem di

**HOTEL SLAMET**
**BANDOENG.**
Kebondjatiweg 41
angkat ti Station kinten 3 menit.

Tarief Klas I f 2.— doeaan f 3.—
„ II f 1.50 „ f 2.50

sonten vrij thee, endjing endjing kenging koffie soesoe endog hajam sareng roti.

Ieu Hotel kaetang ageung, pamandangan hegar, nganggo verdieping (balkon), rawatan beresih, lampoe electrisch, tjai leiding, djongos satia, gampil angkat-angkatan ka tempat anoe rame-rame margi tjaraket.

Hormat noe ngadjeng ngadjeng
**E. Carno**
Eigenaar.

**Toko OBAT G. M. SHEKH SAHIB**
**dari Hindoestan**
Pasarweg No. 32 Tjihideung Gede
**TASIKMALAJA.**

Dalem tiga boelan gratis (tida oesah bajar) bisa bikin baik penjakit aambeien (bawasir, ambej) dalam 2 minggoe tanggoeng baik.

Dengan bajaran bisa bikin semboeh penjakit apa sadja, seperti sakit kentjing, syphilis (radjasinga), penjakit koelit, sakit astma (mengi), perempoean kotoran koerang baik dan segala roepa penjakit jang lain lain. Semoea djadi baik zonder operatie.

**TOKO**
**NIC MULLER**
Goenoengladoe 15 Telepon No. 26.
**TASIKMALAJA.**
SAGALA LANDONG SAJAGI.

Oepami moendoet prijskoran kenging pry.

Anoe parantos kenal di toko kenging NGABON (rekening) Rembours ka mana-mana anoe teu atjan kenal.

Sajagi: Verbandtrommel (tromel anoe dieusi koe sagala kaperloean di noe tebih ti dokter atanapi ti roemah sakit.
Pohara perloe disajagikeun di dessa.
kabar djeung atoeranana kenging di toko.
Pangaos compleet moeng f 12,50

Sajagi: PAINKILLER (landong sariboe goena) anoe tiasa dianggo kana sagala kasawat di djero sareng tiasa dianggo ngosok salira.

Sajagi: TJELEP (sipoehan) anggoeun njelep raksoekan, samping badjoe s. n. k.

Sajagi. Sagala landong Patent sareng sagala landong noe sanes². Pangaos tjotjog pisan.

Sajagi: Bangsa kolonjo, lisah seungit wedak wedakan, pondokna ka perloean toilet istri sareng pameget.

Sajagi: Sesepeun sareng goela-goela.

Mangga tingalian ka toko, di tampi sareng kaweningan hate.

Noe ngantos
**NIC MULLER.**

**Schoenmakerij en Kleermakerij**
„Malah Mandar"
Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa nampi pesenan (kengkenan) ngadamel roepi-roepi raksoekan anggoeun pameget atanapi moerangkalih modelna tiasa noemoetkeun sakoemaha kapalaj, sareng disajagikeun roepi-roepi lawonna.

Oge njajagian slop-slop, sendal-sendal spatoe-spatoe ketos oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boeloedroe noe kasar sareng noe sae.

Hoermatna noe ngantos pesenan poea
**O. Sasmita.**

**Toko Boekoe**
**TROMP DE HAAS**
voorheen toko **WEBER**
DJALAN STATION № 12. TELF. № 13.

Sajagi roepi-roepi: **Vulpen houder** sareng parabot **sakola** sareng **Kantor** Ngitjal **penmas** pikeun vulpen.

Ngan aja bae noe njentoeg kana mamanahan noe keur moedik teh, nja eta oetjap-oetjapanana "Java Bode. Asa wawanianan, make njeboetkeun kitoe, kitoe, kitoe!

Tjenah teh:

Teu djadi kalcear-biasaan (overdaad) oepama Garoet teh dibere „darah" anjar. Keudeung-keudeung timboel koeminis teh di dinja mah, lain pisan kabeneran. Keur kapala anoe tjepet benerna, gantjang dina enggoning nem\ongkeun pangawasana, kapertjaja koe somahan sarta ngarasa kamistiana dina ngalakonan kapangkatanana, tangtoe pisan loba hantjaounana.

Samboengeun

# KABAR

(Tina s. k. sanes).

Noemoetkeun kabar Aneta Djoeragan Otto Soebrata Voorzitter H. B. Pasoendan dina sasih September 1928 bade moendoet liren tina djadi lid Volksraad. Doegi ka ajeuna teu atjan aja wartos officieel ti H. B. Pasoendan tina ieu perkawis.

—o—

Goenoeng Roka Tinda di Poelo Paloeweh kalereun Poelo Flores bitoe. Aja ± 1000 djelema noe maot sareng karoegianana djelema laugkoeng ti poeloehan reboe roepia.

—o—

Kampoeng Tanah Merah (Digoel) rek dipindahkeun ka lenah girang, lantaran di tempat ajeuna rea djelema noe katerap panjakit malaria.

—o—

Toean Ir. Ch. G. Cramer di Brussel waktoe congres kaom Socialisten (Tweede Internationale) geus moerstel kieu sarta dimoepakatan koe congres: Tanah tanah di Kolonie (djadjahan) noe tatjan dibikeun ka bangsa Eropa, koedoe dianggap milikna oerang Priboemi. Sakabeh oerang Priboemi koedoe didjaga soepaja baroga tanah pikeun kahiroepanana.

Oerang Priboemi koedoe bebas tina majar padjeg, kadjaba oepama eta doeit padjeg dipake pikeun kaperloean oerang Priboemi. Paksaan kana digawe djeung paksaan kana digawe noe make bajaran koedoe dileungitkeun. Abid pabrik pabrik koedoe oelah aja.

Oerang Priboemi koedoe ditoengtoen sina bisa marentah sorangan.

Raad-Raad noe make dadasar kasomah moerbaan koedoe ngadjaga soepaja hidji golongan bangsa koelit poetih oelah ngaroeskak.

Militie bangsa Priboemi ngan beunang dipake pikeun ngadjaga lemah tjaina.

Noe araja dina vergadering bangsa Tionghwa, Marokko, Algerië djeung djeung Indonie.

—o—

Njonja Stello van den Brand oemoer 54 taoen asal ti Rotterdam boga panjakit loempoeh. Sanggeus mandi di Lourdes (pamoedjaan kaom Katholiek Prantjis) ajeuna tjageur.

—o—

Djendral Nobile noe toempak kapal oedara ka koetoeg Kaler ajeuna geus katoeloengan.

Ngan Amoundsen noe tadina rek neangan Nobile ajeuna tjan balik deui. Kapal Roeslan „Krassin" rek balik deui ka Spitsbergen pikeun teroes neangan Amoundsen noe geus katjeloek ka awoen awoen, kawentar ka mana mana toekang ngambah laoetan koetoeg.

—o—

President Amerika Sarikat Coolidge rek eureun. Djago djago noe pingagantieun nja eta Hoover (djago kaom republiek) djeung Smith djago kaom somah moerba.

—o—

Di Pitsburgh (Amerika) geus njieun pertjobaan nembongkeun film (gambar idoep) make radio (telegram teu make kawat). Djaoehna kira kira 2 K. M.

—o—

Proffessor Lee Nicholas geus maot koe panjakit kolera dina kapal „Pando Naldera" waktoe lajar ti Singapoer ka Djepang.

—o—

Boedak moerid moerid sakola handap di Djepang ngirim pirang pirang gambar ka moerid moerid sakola handap di Hindia make perantaraan Gongsol Djepang djeung Onderwijsraad. Moerid moerid Djepang menta dikirim gambar beubeunangan moerid sakola handap Hindia.

Ari maksoednja eta soepaja boedak Djepang djeung boedak Hindia bisa silih adjenan djeung silih hargaan soepaja bisa hiroep rapih, ngabantoe kana kaamanan doenja (wereldvrede).

—o—

Kawah goenoeng Vesuvius di Italie digawena beuki keras sarta nambahan hidji kawah deui, make hidji kegel noe loehoerna 14 M.

—o—

Kapal teuleum Italie F 14 tilelep sarta djelemana noe di djero kapal menta toeloeng koe telepon. Lima kapal torpedo djeung pirang pirang djelema ahli teuleum noeloengan eta kapal F 14. Barang eta kapal bisa kaangkat loehoereun tjai, djelemana 27 geus maraot kabeh lantaran ka koerangan hawa bersih pikeun ngambekan.

—o—

Klerk Klerk kareta api di Inggris moepakat gadjihna ditoeroenkeun noe roetkeun pamentana maskape maskape kareta api.

—o—

Kontrak antara Pamarentah Tiongkok anjar djeung Inggris geus dimoepakatan koe doea pihakanana bakal dirobah.

—o—

Cuba geus ngaggap sah ka Pamarentah Tiongkok anjar noe aja di Nanking.

—o—

Di Heerlen (Nederland) hidji mesin hiber ditoempakan koe oerang Djerman Gesler geus ragrag keur waktoe nembongkeun ngaloeng ngaloengkeun karoeng post sarta ninggang djelema nepi ka aja tiloe noe maot djeung saoerang noe tatoe parna. Keur waktoe rek indit motor eta mesin geus goreng djalanna, di loehoer toe loej eta motor eureun. Gesler tatoe sarta ditangkep.

—o—

Deputatie ka Nederland pikeun ngabelaan Inlandsche meerderheid teu toeloes mangkatna, lantaran meh geus tangtoe eta poerstel bakal ditarima koe Parlement.

Bintang Timoer teu ngeunah pedah eta oetoesan teu toeloes sarta ngambek. (Tjing oelah pasea pada batoer, ngerakeun. Red. Sip.).

—o—

Olympiade di Amsterdam koe Baron Bailly de Latour geus officieel ditoetoep.

—o—

Pagoejoeban Koophandel di Hindoestan, nja eta pagoejoeban kaom modal Inggris geus moerstel ka koemisi Simon, soepaja Hindia Inggris dibere hak marentah sorangan (zelfbestuur).

—o—


**Toko KHOUW SIAUW SENG (Toko BENG).**

Tasikmalaja Telefoon No. 2.

Sajagi Kareta Mesin Simplex sareng sanes-sanes Merk Europa, Band-band Auto Merk Goodrich, Michelin, Goodyear, Dunlop, sakalian sareng parabot pikeun Auto (onderdeelen).

Sajagi roepa-roepa glas (loemoer) saperti Beureum, hedjo, blao, konéng kolot, bodas sareng nganggo strip roepa-roepa, aja deui anoe nganggo leter monogram koe aer mas, sae pisan pikeun soepenier.

Sareng roepa-roepa keler (stopflesch) anoe marodel, roepa-roepa lampoe batre, anoe parantos kasohor kakoewatanana, dina waktoe ajeuna keur rame pisan anoe ngarangge bedil angin (windbuks) pikeun plesiran, nja eta keur bladjar nembak atawa keur manoek, badjing, tjareuh, ganggarangan anoe sok ngaroeksak kana pipiaraan, heulang, kaloug, sareng sadjabi ti eta sato-sato anoe ngaroeksak, tangtos tiasa kenging koe B. S. A. tea

Lantaran teu nganggo vergunning, noe mawi di sajagikeun njondong roepi² anoe kaliber $5^1/_2$ sareng $4^1/_2$, nja eta merk B. S. A. anoe mashoer kakiatanana sareng saena, pelorna sajagi tjoekoep, sadjabi ti eta, sajagi roepi roepi Eetservies (stelan piring makan) anoe pikeun 6 djalmi (noe 12 djalmi), sareng roepa roepa djam (lotjeng) Wesminster, erlodji anoe sarae, peso silet peso tjoekoer goenting mesin anoe parantos mashoer kasaeanana, njondong roepi roepi oekoeran filter (saringan tjai) pikeun ngadjagi kawarasan, atawa kasehatan.



**Djoeragan! Djoeragan! ISTRI**

Ngawitan ti sasih ieu pribados, parantos njajagikeun roepi-roepi entjit, anoe roepi-roepi kembang. Sareng marodel pisan, dina pangaos nanggel tiasa langkoeng mirah ti toko noe arageung, bilih kirang pertjanten enggal ajeuna njeratan njoehoenkeun roepi-roepi tjontona, koe pribados dikintoen Gratis ka adres.

**HALIM**

West passar Straat 16

BANDOENG.



**TOKO KHOUW SIAUW SENG (TOKO BENG)**

Tasikmalaja

Djaman kamadjoean, kitoe deui ajeuna pikeun ngenteungkeun kana perdjalanan, disajagikeun Autobus anoe brangkat ti

Tasikmalaja djam $^1/_2$6 Bandoeng, djam 12

(via Limbangan—Malangbong)

Tasikmalaja ± djam 3 endjing noe mios ka Cheribon.

„ „ „ 8 siang noe mios ka Cheribon

ti Cheribon ka Tasikmalaja

± djam 4 endjing mios ka Tasikmalaja

± „ 8 siang „ „ „

ti Tasikmalaja ka Garoet

Tasikmalaja ± djam 7 endjing dongkap ka Garoet djam 10

Garoet ± djam 1 siang dongkap ka Tasikmalaja djam 4

ti Tasikmalaja ka Karangnoenggal

± djam 6 mios ka Karangnoenggal

± „ 9 „ „ „

± „ 1 „ „ „

ti Karangnoenggal ka Tasikmalaja

± djam 6 endjing mios ka Tasikmalaja

± „ 9 „ „ „

± „ 1 siang „ „ „

Sadaja autobus brangkatna ti pajoeneun toko BENG.



**NEMBE PARANTOS DITJITAK**

boekoe

**„DJODO NOE DIDAGO-DAGO"**

Ieu boekoe sanes bae eusina anoe sae teh, nanging potongan boekoena oge, teu kinten loetjoena, toeroeg-toeroeg ngangge gambar anoe teu kinten manisna.

Oepami parantos ningali ieu boekoe, tangtos pisan seueur anoe njebatkeun mirah teuing henteu ninggang kana pangaosna anoe moeng f 0,50 mapan kandelna oge parantos aja 79 katja. Komo deui ieu mah dikarangna oge koe kokodjo Pag. Pasoendan, Djrg. Bakrie Soeraatmadja tea.

Soepados oelah doegi ka seepeun, mangga enggal ngintoenkeun postwissel f 0.55 atanapi postzegel anoe sami pangaosna. Kantenan Djoeragan tiasa nampi ieu boekoe di boemi, teu kedah majar deui,

Anoe ngadjeng-ngadjeng

**Boekhandel en Drukkerij „Economij"**

Kaoem No. 34, telefoon No. 1390

BANDOENG.



Salamina sajagi sindjang polenggeroesan Tjiandjoer No. I sareng No. II pangaos **f 2,60 f 2,75 f 3-** sareng taroempah damelan Tjiandjoer djait nganggo **lapis karet f 2,25 taroempah** koelit sadajana pangaos **f 2,25 f 2,50** doegi ka pangaos **f 3-**

Moegi sadaja Djoeragan-Djoeragan enggal pesen.

Hormat

**Mohamad Koerdi**

**Kebonkembang Tjiandjoer.**



**Toko BOEKOE en DRUKKERIJ**

**Tjitandoej v/h Pasoendan**

Tasikmalaja.

Pangaos boekoe boekoe dimirahkeun, pangadjaran pangadjaran H. I. S. sareng sakola II sajagi, ti Bale Poestaka sareng wedalan Toko boekoe noe sanes sanes.

Nampi tjitakeun ageung alit.

| | |
|---|---|
| Wawatjan Satria Toenggara | f 0.75 |
| „ Loekmanoelhakim | f 0.75 |
| „ Wajang Poerwa III | f 1.25 |
| „ „ „ I | f 1.25 |

Poendoet daptarna.



**TEGEL FABRIEK „NAJA"**

Goenoengtabeulah Tasikmalaja.

—o—

Sajagi roepi roepi tegel, beton buizen (koeloewoeng) sareng beton roosters.

Pangaos sareng kakiatan di tanggel ngabingahkeun. Prijs lijst sareng monster tiasa di poendoet gratis.

Noe ngadjeng ngadjeng

**S. Najawilaga.**



**ROBINON ROBINON**

Jang amat perloe disediakan di dalem semoea roemah tangga! jang amat perloe boeat orang toea atawa moeda:

**„ROBINON"**

**HUID-en WONDOLIE**

Minjak obat boeat SEGALA penjakit koelit dan SEGALA — loeka-loeka, besar ketjil. —

(Koelitnja digosok, loekanja ditoetoep sadja sama kapoek — pake minjak. —

**ROBINON** tida ada laen dari **ROBINON**

Satoe minjak jang ditanggoeng pasti dan dapet menjemboehken roepa-roepa penjakit koelit dan keroeksakan daging.

| | | |
|---|---|---|
| Harga satoe flacon | 10 Gram | f 0.25 |
| | 20 „ | f 0.50 |
| | 30 „ | f 0.75 |

Pembeli boeat djoeal lagi dapet korting dari 10% sampe 30%.

**Fabriek „ILTA"**

TASIKMALAJA.

Bisa dapet beli dari OEIJ HAN LIE Batikhandel Tasikmalaja.

Dioega sedia tempat sirih nikel harga per stel f 15.





**KetoeOedengMakerij HALIM**



**West Pasar straat 16 Bandoeng**

Salamina njajagikeun ketoe Oedeng model Bandoeng tina roepi-roepi batikan saperton batik Tjiamis Solo Banjoemas s.s.t. ngawitan pangaos f 2.25 f 2.50 f 3.— f 3.50 f 5.— sareng saterasna noemoetkeun koemaha saena Oedeng bae. Sajagi oge ketoe Oedeng model wiron anoe nganggo diwiroe sareng endol ngawitan pangaos f 3.— f 3.50 f 4.— f 5.—

Tiasa nampi kengkenan ngadamel ketoe Oedeng.

1 Oedeng didamel 2 ketoe oedeng f 2.—

1 „ „ 1 „ „ f 1.25

Model wiron tambih dina 1 Ketoe Oedeng f 0.25 Oepami oedeng Dubbel tambih f 0,50. Sareng njajagikeun sindjang polenggeroesan kaloearan Bandjaran Bandoeng pangaos f 2.50 f 3.— f 3.50 sareng f 4.— mangga djoeragan-djoeragan geura njarobian sareng enggal njeratan ngange. Adres anoe diloehoer ieu koelan.

**Prijscourant teu sajagi.**



**INGENIEURS en ARCHITECTEN BUREAU**

**Ir. Soekarno en Ir. Anwari.**

Regentsweg 8, Bandoeng.

Nampi saniskanten padamelan anoe nganggo projekten pikeun saniskanten adegan, kajaning imah—fabriek—goedang—masigit—djambatan sareng sadjabina ti eta, ti noe PANG ALITNA doegi ka noe PANG AGEUNGNA.